QARAQALPAQSTAN
RESPUBLIKASI
SHIMBAY RAYONI
HA' KIMI
SH E SH I M I

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI
CHIMBOY TUMANI
H O K I M I
Q A R O R I

Shımbay rayonı | Chimbay tumani

№1338 | 11-сентябрь 2018-жыл

Район аймағында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында

Шымбай районы Ишки ислер бөлиминиң 2018-жыл 20-июлдағы «Шымбай районы аймағында автотранспортлар тәрепинен жол ҳәрекети қәделерин ҳәм жолаўшылардың қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында»ғы 11/2790-санлы хатын, район ҳәкимлиги жанындағы жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери бойынша комиссияның 2018-жыл 24-июлдағы 03-08/407/551-санлы баянламасын қарап шығып, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2015-жыл 24-декабрдеги 370-санлы қарары менен тастыйықланған «Жол ҳәрекети қағыйдалары»ның («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2016 йил 3-сон, 23-модда)ның VII-бөлимине, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Район орайы «Ж.Мамутов» көшеси ҳәм «Амир Темур» көшелери кесилиспесине 1 орында светофор белгиси орнатылсын.

2. Шымбай районлық жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы (Ш.Бекбергенов)на: район орайы «Ж.Мамутов» көшеси ҳәм «Амир Темур» көшелери кесилиспесине 1 орында светофор жол белгисин орнатыў ҳәм оның тийисли тәртипте сақланыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

3. Бул шешим район ҳәкимлигиниң веб-сайтында ҳәмде «Шымбай ҳаўазы» газетасында рәсмий жәриялансын.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары Б.Жуманиязовқа жүкленсин.

5. Бул шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди

Шымбай районы ҳәкими: **П.Ещанов**

KO'SHIRMESI DUR
20